QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ
BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 222-98-30
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

26-апрель 2021 ж /й 02-04/01-2183-сонли

**Нөкис қалалық халық
билимлендириў бөлими баслығы
П.Ақназаровқа**

*Сизиң, 2021-жыл 13-апрель күнги
№01-01/7-1011-санлы хатыңыз бойынша:*

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кенесиниң 2018-жыл 3-июльдеги "Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кенесиниң 2014-жыл 30-августтагы "Прогресс" билимлендириў ҳәм раўажландырыў орайының структурасын тастыйықлаў ҳаққында"ғы 182-б санлы бийлигине өзгерис киритиў ҳаққында"ғы 206-б санлы бийлигиниң 2-қосымшасына муўапық лаўазымлардың базалық ставкалары ҳәмде дөгерек басшылары ставкалары саны контингент санынан келип шыққан ҳалда анықланады ҳәм лаўазымлар базалық ставкалары Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2011-жыл 28-февральдағы "Мектептен тысқары билимлендириў системасын жәнеде шөлкемлестириў ис-илажлари ҳаққында"ғы 50-санлы қарары менен тастыйықланған "Баркамал аўлад" орайы хызметкерлериниң лаўазымларына теңлестириледи делинген.

Соған байланыслы, Өзбекстан Республикасы Финанс министриниң 2014-жыл 14-ноябрьдеги 74-санлы бүйрығы менен тастыйықланған ҳәм Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинде 2014-жыл 15-декабрьдеги 2634-сан менен дизимге алынған *"Бюджет мәкемелери ҳәм бюджет қаржыларын алыўшылардың қәрежетлер сметасы ҳәм штат кестелерин дүзиў, тастыйықлаў ҳәм дизимнен өткериў тәртиби ҳаққында"*ғы Нызамның №57 бәнтинде мәкемелер хызметкерлериниң лаўазым бойынша айлықлары ҳәм тариф ставкалары нызам ҳүжжетлерине муўапық белгиленеди ҳәм де дизимнен өткериў ушын қәрежетлер сметасында нәзерде тутылған мийнетке ҳақы төлеў жамғармасы шеңберинде қабыл қылынады деп көрсетилген.

Жоқарыдағыларды инабатқа алып, Сизге "Прогресс" билимлендириў ҳәм раўажландырыў орайы хызметкерлериниң ис-ҳақылары жергиликли бюджеттен қаржыландырылып атырғанлығы, соған тийкарланып Нөкис қалалық финанс бөлими менен келисилген ҳалда 2021-жыл ушын дүзилген штат кестелерине өзгерис киритиўиңиз мүмкинлигин билдиремиз.

Қосымша 2 беттен ибарат.

**Министрдиң биринши
орынбасары ў.ў.а** **Қ.Бекбаулиев**

*Орынлаўшы: Т.Утепов
Тел: (861) 222-92-63*